ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№190 (22.098) ● 2011 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 11, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● ФИДЕ-м и Гран-при

КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен къопсалъэ.

Дунейпсо шахмат федерацэм и президент Илюмжинов Кирсан гуфIэгъуэ зэIущIэр къыщIэIуэх.

Зи чэзу зэхьэзэхуэр Налшык къыщызэIуах

Щэбэтым и пщыхьэщхьэм «Синдика» интурхьэщIэщым къыщызэIуахащ Шахматымкlэ бзылъхугъэхэм я Гран-при зэхьэзэхуэу ФИДЕ-м ирилъэкIуэкIым и ещанэ Iыхьэр. Абы кърихьэлIащ къэрали 7-м я шахматист нэхъ лъэщхэу 12: Ксюэ Чжао, Вэньцзюнь Цзюй (Китай), Монгонтуул Бахтуяг (Монголие), Лахно Екатеринэ (Украинэ), Чмилите Викторие (Литва), Чень Жу (Китай), Стефановэ Антоанетэ (Болгарие), Урысейм и лIыкIуэхэу Ковалевская Екатеринэ, Косинцевэ зэпыпхъуэху Татьянэрэ Надеждэрэ, КостеноК Александрэ, Галлямовэ Алисэ сымэ.

Гуфlэгъуэ зэIущIэр кьызэIуахащ КъБР-м и Iэтащхьэ **Кьанокьуэ Арсенрэ** Дунейпсо шахмат федерацэм (ФИДЕ) и президент **Илюмжинов Кирсанрэ.**

- Си гуапэу фыкьыщызогъэблагъэ хьэщIэгъэщхуэ щызекIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм, хьэщIэхэм фIэхъус ярихыу. - Налшык кьалэ щекIуэкI шахмат зэхьэзэхуэ екъэжьахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, зэрыщыту Кавказ Ищхьэрэм и пщIэр зыIэтщ. Илъэс кьэс дэ дапоплъэ мы Iуэхугъуэхэм икIи дыхуеIащ, хабзэ хьуауэ, ар ди щIыналъэм зэрыщекIуэкIым адэкIи кьыпищэну. Фыщ1э хузощ1 абы и къызэгъэпэщакIуэхэм, ныбжьэгъуфI Илюмжинов Кирсан 2008 гъэ лъандэрэ шахмат эзпеуэхэр Налшык кьалэ зэрыщрагъэкIуэкIым папщIэ. Къэжьуэнум цIыхубзхэми цIыхухъхэми я шахмат зэхьэзэхуэхэр ди кьалащхьэм щекIуэкIыныр ФИДЕ-м и президент Илюмжинов Кирсан зэтриублэмэ ди гуапэщ. Къыхэзгъэщыши, 2012 гъэм ди деж щызэхэтынущ «Кавказ джэгуэхэр». Нобэ къызэIутх зэпеуэм екъулIэныгъэхэр щызыIэрывгъэхьэм и мызакъуэу, ди лъахэм и теплъыджагъ-дахагъэр зэвгъэльагъуну фыхунэсмэ, си гуапэщ.

- Пэжыр жысIэнщи, хьэщIэу зыкъэслъытэхэрэ-къым, сыту жыпIэмэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр си етIуанэ лъахэщ, - кьыпищащ адэжь утыкур хуит зыхуащIа ФИДЕ-м и президент Илюмжинов Кирсан. - Мы илъэсхэм Налшык кьалэ шахматым и дунейпсо хэщIапIэ хуащ. Къыхэзгъэщынщи, Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэр урысей шахматисткэхэм я дежкIэ насыпыфIэу къыщIэжащ: 2008 гъэм, илъэс 20 дэкIауэ, КостеноК Александрэ шахмат тепщэнигъэр Урысейм къыхуихьжащ, дунейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуэри. Нэгъабэ Гран-при сауГъэтъэпеуэм ожьыпIэр щиубыдащ Косинцевэ Татьянэ. Иджы кьыфIэщIа шахматисткэхэм яхэтщ дунейпсо экс-чемпионкэу 3, вице-чемпионкэу 2, лъэпкъ шахмат федерацэхэм я капитанхэр икIи зэхьэзэхуэр гуащIэу щытынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым шахмат чемпионхэрэ IэущIэ Налшык щыпсэурэ Iэ Татьяна Надеждэрэ, КостеноК Александрэ, Галлямовэ Алисэ сымэ.

Гуфlэгъуэ зэIущIэр зыкъыщIэщIэсыным щIэныгъэ зэрыщIэтыр КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен, спорт Iэнатlэм и унафэщIэхэм фIыщIэ хэха яхуищIащ, «Кавказ джэгуэхэм» зэрыщытекIуэкIым адэкIи кьыпищэну Фыщ1э хузощ1 абы и къызэгъэпэщакIуэхэм, ныбжьэгъуфI Илюмжинов Кирсан 2008 гъэ лъандэрэ шахмат эзпеуэхэр Налшык кьалэ зэрыщрагъэкIуэкIым папщIэ. Къэжьуэнум цIыхубзхэми цIыхухъхэми я шахмат зэхьэзэхуэхэр ди кьалащхьэм щекIуэкIыныр ФИДЕ-м и президент Илюмжинов Кирсан зэтриублэмэ ди гуапэщ. Къыхэзгъэщыши, 2012 гъэм ди деж щызэхэтынущ «Кавказ джэгуэхэр». Нобэ къызэIутх зэпеуэм екъулIэныгъэхэр щызыIэрывгъэхьэм и мызакъуэу, ди лъахэм и теплъыджагъ-дахагъэр зэвгъэльагъуну фыхунэсмэ, си гуапэщ.

- Пэжыр жысIэнщи, хьэщIэу зыкъэслъытэхэрэ-къым, сыту жыпIэмэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр си етIуанэ лъахэщ, - кьыпищащ адэжь утыкур хуит зыхуащIа ФИДЕ-м и президент Илюмжинов Кирсан. - Мы илъэсхэм Налшык кьалэ шахматым и дунейпсо хэщIапIэ хуащ. Къыхэзгъэщынщи, Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэр урысей шахматисткэхэм я дежкIэ насыпыфIэу къыщIэжащ: 2008 гъэм, илъэс 20 дэкIауэ, КостеноК Александрэ шахмат тепщэнигъэр Урысейм къыхуихьжащ, дунейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуэри. Нэгъабэ Гран-при сауГъэтъэпеуэм ожьыпIэр щиубыдащ Косинцевэ Татьянэ. Иджы кьыфIэщIа шахматисткэхэм яхэтщ дунейпсо экс-чемпионкэу 3, вице-чемпионкэу 2, лъэпкъ шахмат федерацэхэм я капитанхэр икIи зэхьэзэхуэр гуащIэу щытынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым шахмат чемпионхэрэ IэущIэ Налшык щыпсэурэ Iэ Татьяна Надеждэрэ, КостеноК Александрэ пхъэидзэкIэ и ныкъуэкъуэгъу хъуащ Катарым и щIэкIэ джэгу китай цыхубзэ Чэнь Жу. ФIыщIэхэмкIэ джэгуа пэтми, Костенюк 15-нэ кIуэгъуэм ирихьэлIэу ефIэкIыныгъэ игъуэтащ икIи 36-нэ кIуэгъуэм Чэнь зитын хуей хъуащ. Костенюк Александрэ щIепсэу щIыпIэр ихьэжьэ хъунущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм абы чемпионкэ зэфIэкI аргуэру кьыщегъэлъагъуэ.

Налшык нэгъабэ щекIуэкIа Гран-при зэпеуэм щытекIуа Косинцевэ Татьянэ и насыпыкIи щыIащ: дунейм и экс-чемпионкэ Стефановэ Антоанетэ IэщIэкIа щыуагъэр кьигъэсэбэпри, абы хуэфIэкIащ партиер зэрытемыгъэкIуэу я иуэхын. Украинэм щыщ Лахно Екатеринэрэ езымрэ зы очкор зэрыхьэдагъэмкIэ арэзы къуэкIыу щытын хуейщ нэгъабэ Урысейм бжьыпэр щызыубыда Галлямовэ Алисэ. Ковалевская Екатеринэрэ Монгонтуул Батуягрэ джэгун щIадзэри, куэд дэмыкIыу, зэрыхэтемыгъэкIуэнур бе лджьылы хъуакIэт.

Китайм щыщ Кэюэ Чжао текIуащ Литвам и шахматисткэ Чмилите Викторие. Иужьрейуэ джэгуПэ пэшым щIэкIыжащ китай Бэньцзюнь Цзюйрэ рейтингым щыпащэ Косинцевэ Надеждэрэ. Ди хэкуэгъум партиер кьригъэ лъын хуэзэфIэкIакъым.

Араш япэ зэIущIэхэм кьрикIуахэр. Дыпэплъэнщ адэжь Iуэхур зэрекIуэкIыным.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Мурадхэмрэ гугъапIэхэмрэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм я зи чэзу зэIущIэр жэпуэгъуэм и 6 - 9-хэм Истамбыл щекIуэкIащ. Къэрал зэмылIужьыгъуэхэм щыIэ Адыгэ Фыщ1э Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ дЛыкIуэхэмрэ мызыгъуэгъ бысым хуэхъуат Хеймащэ Орхьэн и Iэтащхьэ «Уэзун-Яйла» Адыгэ Хасэр.

ЛЪЭПКЪIуэхур инджIэ гъэкIуэтэным, къэрал кущIэм щызэбгрыпхъа адыгэхэм яфI зыхэлъ Iуэхуэхэр зэфIэхыным телажьэ ДАХ-м и гъэзэщIакIуэ гупым хэтхэр куэдым тепсэлъыхьащ. ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм хэтащ Урысейм и Генеральнэ консулу Истамбыл щыIэм и чэнджэщэгъу Копилов Александрэ абы и дзэпишхъэгъу Дронов Денисрэ. Тыркум щыпсэу адыгэхэм я Iуэху зыIутым, абыхэм адэжь лъэхэм хуаIэ пыщIэныгъэм, а къэралым и цIыхухэр Урысейм къэкIуэным, къэIэпхъуэжьным, нэгъуэщI куэдми тепсэлъыхьащ зэхуэсахэр, ди лъэпкъэгъуэхэм я упщIэхэм жуэап къэратащ.

Адыгэ лъэпкъыр нобэ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм, хэхэсхэм я зэпыщIэныгъэхэм, адыгэбзэм и хьумэкIэмрэ зыужьыкIэмрэ, мурадхэмрэ гугъапIэхэмрэ - куэд мэхъу лъэпкъым и лIыкIуэхэм утыку кьрахьа гупсысэхэр. А псори кьыщыгъэлъэгъуа тетыныр ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ кьыдэжIыгъуэхэм ящыщ зым.

● ЩIэныгъэ

Дохутырхэр Истамбыл щызэIуощIэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэхуэсыщхэр Истамбыл щыпригъэкIуэкIым ирихьэлIэу а къалэм щызэхащащ «Иджырей медицинэм къыхьха щIэхэр» IV дунейпсо медицинэ конференцIэр. Ар къызэрагъэпэщащ Тыркум щыIэ кардиологхэм я зэгухьэныгъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ.

МЕДИЦИНЭМ и унэтIныныгъэ зэхуэмыдэ куэдым я зыужьыкIэмрэ щIыхуэхэм зэрелIэзэ Iэмалу къэунэхуагъащIэхэмрэ щытепсэлъыхьа щIэныгъэ зэIущIэм хэтащ къэрал 16-м къикIа лIыкIуэхэр. Иджы епIащIэу екIуэкI зэхуэсым япэ ита конференциущ щызэхэтар Налшыкр. Дуней псом щызэбгрыпхъа адыгэхэм къахэкIа дохутыр цIэрыIуэхэр, профессор лъэрызехьэхэр, практикэм, теорием ирилажьэ IэщIапIэгъэлI гъуэгуанэ щызэхуэса и зэIущIэм жэрдэмщIакIуэ хуэхъуар медицинэ щIэныгъэмкIэ доктор, профессор, Истамбыл щыIэ гум щеIзэ центрым и унафэщI, адыгэ быслъхугъэ Шурдым Гюнселш. Ар и пашэу екIуэкIа конференцым щызэпсэлъащ, щызэрыщIыхуащ, я Iэщ1агъэм и щхьэхэмкIэ щызэдзгуэшащ, щIэныгъэ лъэныгъэхэр утыку кьыщрахащ хирургием, стоматологием, кардиологием, травматологием, педиатриеми, нэгъуэщI унэтIныныгъэхэми ирилажьэ дохутыр Iэзэхэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Налшык - Истамбыл.

● Я псалъэм текIыркъым

Палестинэм и «ВАФА» хъыбарегъащIэ Iэнатlэм къызэритымкIэ, абы я лъэпкъ администрацэр арэзы хъуащ Израильм хуиIа Зэпсэльэныгъэхэр щIэрэщIэщхьыну. Иерусалим Къуэкъыпlэм журт жылагъуэхэр щыкуэнкIэ жыпIащ.

- Дэ Зэпсэльэныгъэхэм щIэддзэжьынущ, 1967 гъэм щыIа рекъэал гъунапкъэхэм кьриубыдэу журт жылагъуэхэр ухуэн щагъэтмэ, - жеIэ Палестинэм и лъэпкъ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI Набиль Абу Рудейн.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, а Зэпсэльэныгъэхэр палестинэм кьызэпиудат 2010 гъэм и фокIадэм, Израильм кьизуэ я щIыналъэм журт жылагъуэхэр щыкуэнкIэ зэрыщамыгъэтым кьыхэкIыу. Палестинэм ткIийуэ къыгъэувващ а ухуэныгъэхэр 1967 гъэм щыIа къэрал гъунапкъэхэм кьриубыдэу щамыгъэтауэ икIи Палестинэмрэ Израильмрэ къэралитI зэпащкьэхуэу кьамылытауэ Зэпсэльэныгъэ лъэпкъ иримыгъэкIыныр. Ахэр иужь итщ 1967 гъэм яIа къэрал гъунапкъэхэм тещIыхьа Иерусалим КъуэкIыпIэр зи кьалащхьэ къэралыгъуэ щхьэхуэ къызэгъэпэщыным. Израильм идэркъым 1967 гъэм щыIа гъунапкъэхэм я деж игъэзэжыну Иерусалим Къуэкъыпlэри палестинэм иритыжыну. А Iуэхуэм хэплъэн абы щыщIадзар Палестинэ къэралыгъуэ щхьэхуэ къызэгъэпэщыным, хуитыныгъэ псори иIэу, ООН-м хэгъэхьэным теухуа лъэIу тхылъхэр а дунейпсо зэгухьэныгъэм щIалъхьа нэужь.

● США-м зыкъыщIэт

США-м и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм вэсэмахуэ яубыдащ властым илажь IуэхугъуэхэмкIэ мыарэзыуэ Вашингтон и уэрамхэм щызэхэсауэ пэкIуэкIэ езыгъэкIуэкIэм ящыщ зы.

Ар щIаубыдам и щхьэусыгъуэу хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм кьатыр зэтехуэркъым. США-м и Iтасхъэщ1эх Iуэхуащ1апIэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, нубыда цIыхухъэм полицэм и лжьакIуэр игъэпудащ, и вакъэр абы ириутIыпщри.

Псори зэхэту, а махуэм Вашингтон щекIуэкIа пэкIум хатахэр щIыхуи 100 хуэдиз хъууэ аращ. Унэ Хужьым и утым щызэхэсасэм зыхуагъэувыжа кьалэнхэри зэтехуэркъым: нэхъыбэр арэзы къэзымыщIыр я кьэралыр зэпымыууэ зэрызэрагъэращ, ауэ финанс Iуэхущ1апIэшхэхэм я бийуэ зэхуэсасэхэри куэд хъурт.

Властым и политикэмрэ финанс Iуэхущ1апIэхэмрэ я бийуэ, махуэ зыбжанэ хуэдизкIэ пэкIуэкIэ щокIуэкI США-м и кьалэшхуэ куэдым. Экспертхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, ар кризисымрэ жылагъуэм и зэпэщIэувэныгъэмрэ я щIэдзапIэ кьудеиуэ аращ.

● ПРО-м теухуауэ

Дыгъуасэ Москва щызэIущIащ Урысей Федерацэм Iэщэкlэ Зэщ1эуэзда и Къурухэм я Генштабым и унафэщI генерал Макаров Николайрэ НАТО-м и къарууэ Европэм щыIэм и Iэтащхьэ адмирал Ставридис Джеймсрэ.

- Урысеймрэ НАТО-мрэ я зэхущытыкIэхэм нэхъ гугъу дыдэу хэпльэ ПРО-м пыщIа гугъуехьэхэращ, - жиIащ Макаровым, а зэIущIэр къыщызэIуихым.

Ар Урысейм къыхуэмыгъэзауэ зэрыплэжьэнум и щыхьэтхэр НАТО-м къигъэувын хуейуэ Урысейм еуксъуэдий. ПРО-р Урысейм и бийуэ къамыгъэсэбэпыну жаIэ щхьэкIэ, НАТО-м и унафэщIхэм я псалъэр Iуэху гуэркIэ щIэгъэбыдакъым.

ПРО-м пыщIа Iуэхугъуэхэм къищынэмыщIа, НАТО-мрэ Урысеймрэ я дэзэешэхэр тепсэлъыхьащ терроризмым, пиратхэм зэгъусэу ебэныным теухуа щыткIэхэм.

● Башкортостан Республикэм и мардэхэр.
● Илъэс 70 и пэ фашистхэм пщIэIувэу Македонием зыкъыщIэтащ.
● Илъэс 25-рэ и пэкIэ Рейкьявик (Исландие) щызэIущIащ КПСС-м и ЦК-м и генеральнэ секретарь Горбачев Михаилрэ США-м и президент Рейган Рональдрэ. «Зауэ щыIэм» (къэралитIым я зэпэщIэтныныжьмэ) и кIэухым ар щIэдзапIэ хуэхъуащ.
● Илъэс 50 и пэкIэ Семипалатинск полигоным (Къэзэхъстан) щагъэнэхуу, Совет Союзым дунейм щыIэпэу щIы щIагъ ядернэ IэщIэр къыгъэуащ.
● Либериеми президент щыхахынущ.
● Жэпуэгъуэм и 11 - 18-хэм Белград (Сербие) щызэхэтынущ авиацэм и дунейпсо федерацэм и 105-нэ зэIущIэшхуэ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым къызэриты мкIэ, нобэ Налшык уэфIу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 25-рэ, жэщым градус 14 щыIэнущ.

Пlанэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифщ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

ПщIэшхуэ хуащI

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Анзор иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэ.

«ЛЭЖЬЫГЪЭМКIЭ законодательствэмрэ лэжьыгъэмкIэ хуитныгъэхэм я мардэхэр щыубзыхуа адрей хабзэ актхэмрэ зэрагъэзащIэм хуэгъэза ведомствэ кIуэщI къэрал кIэлъыплъныныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къызэрыщызэрагъэпэщым и Iуэхукlэ КъБР-м и законым и проектыр депутатхэм я пащхьэ Анкьрилъхьащ (Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ зэныншагъэр хъуэмэнымкlэ комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим.** Абы зэрыжиIамкIэ, мы документым еубзыху лэжьыгъэмкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэм теухуа кIэлIыплъныныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм я унафэм щIэт ведомствэхэм, Iуэхущ1апIэхэм къызэрыщыщызэрагъэпэщ щыкIэмрэ хабзэкэмрэ. Апхуэдэ кIэлъыплъныныгъэм хуибыдэу план пыухыкIам тету къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкI икIи абыхэм кьарикIуахэм япкъ иткIэ зыхуэфащэ органым и къупльыкъуущIэм акт етхьыж. Властым лэжьыгъэ Iэнатlэм еущыIыла и гъэзэщIакIуэ органым кьыIэрыхьа хъыбарым ипкъ иткIэ зэкIэлъхьэ КъБР-м и Правительствэм гъэ кьэс ирит отчетыр.

Мы законым и проектыр зыхуэфащэ Iуэхущ1апIэхэм, депутатхэм ирагащ ар кьаззэрыщыхьуар, хуащI дагъуэхэр ягъэхьэзырын папщIэ.

Президиумым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и субъект зыбжанэм я парламентархэм законхэр кьыдэгъэкIыным теухуауэ кьыхьатхьэ жэрдэм щхьэхуэхэм.

Прохладнэ кьалэр илъэс 246-рэ зэрырикъур щагъэплъапIэм ирихьэлIэу Президиумым хэтхэм я унафэ кьащтащ, кьалэм зегъэужьыныкIэ фIыщIэ ин зэрабгъэдэлъым икIи щэнхабзэм и къэхъулIэныгъэ зэрыбгъэдэтым папщIэ «КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм и Прохладнэ кьалэ округым и кьалэ сымаджэхэр» зыужьыщагъэр хъуэныкIэ муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэм и кьуэдзэ Бугуновэ Наталье, «Кьабзагъэ зыдэтъ кьалэ» муниципальнэ Iуэхущ1апIэ зэгуэтым и лэжьакIуэ Самченкэ Виктор, «Прохладнэ псы-бжьамий» унафэщI компание» муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и генеральнэ директорым финансэмкIэ и кьуэдзэ Собакарь Ольгэ Стинэ кьэрал щхьэхуэ зэгъэзэпэщыным, хуитныгъэ псори иIэу, ООН-м хэгъэхьэным теуха лъэIу тхылъхэр а дунейпсо зэгухьэныгъэм щIалъхьа нэужь.

● Адыгэ псалъэр

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр йокIуэкI.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Республикэм щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

Iуэхьэ зэрызэIэпахым, юррупщэм пыщIа Iуэхуэхэр зэрадзэкым е ялжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи псалъэ кIэщIым и бзэр IэфIщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм яхуэгъэзэ къэрал къалэнхэр зэрызэхальхьэ, къэрал къалэнхэр гъэзэщІэныр финансхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщ щ1ыкІэм и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм фокІадэм и 26-м *№290-ПП*

Урысей Федерацэм и Бюджет кодексым и 69.2 статьям и Іыхьэхэу 4-мрэ 5-мрэ,«Сату Іуэхум пымыщІа организацІхэм ятеухуауэ» 1996 гъэм щ1ышыпэм и 12-м кІащта Федеральнэ закон №7-ФЗ-м и9.2статьям и Іыхь7-м и пункт 1-м япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ы**мунафэ ещІ:**

1. Къэщтэн мы унафэм щ1ыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм яхуэгъэзэ къэрал къалэнхэр зэрызэхальхьэмрэ къэрал къалэнхэр гъэзэщІэныр финансхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщымрэ теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я унафэм щІэт къэрал Іуэхущ1апІэу къэрал Іуэхутхьэбзэхэр гъэзэщІэныр зи кІалэн нэхъыщхьэ дыдэу щытхэм зэфІагъэкІкъэрал Іуэхутхьэбзэхэр (лэжьыгъэхэр) зыхуэдэр кІыщыгъэльэгъуа спискэм и тепІэр;

езыхэрзэлажь Іуэхум тещІыхьауэ къэрал Іуэхущ1апІэхэм зэфІагъэкІ къэрал Іуэхутхьэбзэ (лэжьыгъэ) нэхъыщхьэхэм я спискэм тепІэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкі и министерствэм (Бышэн А. А.) кІыщтэну хуэгъэзыньи:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІыным мардэкІэ трагъэкІуэдэн хуэпІ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм я мылъкур зехьэным мардэкІэ текІуадэр кьызэрабж методикэ чэнджэщхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм хуагъэув къэрал къалэнхэр зэрызэхальхьэмрэ ахэр гъэзэщІа зэрыльхьэ зэрыкІэльыпІпльмкІэ методикэ чэнджэщхэр;

къэрал къалэнхэр гъэзэщІэныр финансхэмкІэ къызэрагъэпэщын папщІэ субсидиехэр зэрыхуэхьэ щ1ыкІэмрэ хэбзэхэмрэ ятеухуэ зэгурІуэныгъэм и тепІэр.

3.Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм ящ1ыщу къэрал бюджет Іуэхущ1апІэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур кьагъэсэбэнрэ кьызэІуах Іуэхущ1апІэ пыгъэщхьэхуакІэхэмрэ я къызэгъэпэщ1ауэ щытхэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэм щІэт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкі и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэмрэ ягурыІуэу, къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІыным мардэкІэ текІуадэр зыхуэдизыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм я мылъкур зехьэным мардэкІэ текІуадэр зыхуэдизыр зэрагъэбелджылыс щІыкІэхэр.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм ящ1ыщу зыхуэфащэ ІэнатІэхэм щрагъэкІуэкІ къэрал политикэрубзыхуІнымрэ а ІэнатІэхэм щ1ы Іэхуцытыгъ кІэхэр зэблэзыгъэкІ хабзэ мардэхэр зэхэльхьэнымрэ зи кІалэну щытхэм яхуэгъэувын зыхуэфащэ ІэнатІэм ехьлІауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм зэфІагъэкІ къэрал Іуэхутхьэбзэхэм (лэжьыгъэхэм я спискэхэр, апхуэдэу мы унафэм зэрыщыуб5ыхуэам тету къэрал Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъыр къызэрагъэльагъэуцыкІэмрэ я Іуэхукі Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэм и проектыр ягъэхъзырыныкІи ар езыхэм Интернетым щІэ сайтхэм ирагъэхьну.

5. Мы унафэм пункт 3-м кьыщыгъэльэгъуа Іуэхуэхэм щІагъуэ е ахэр нэхъ зенкІырыхуауэ кІахь хъунщ, ауэ а псоримы унафэм и пункт 4-м кьигъэувэм езгъэнын хуейщ.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм ящ1ыщу къэрал бюджет Іуэхущ1апІэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур кьагъэсэбэнрэ кьызэІуах Іуэхущ1апІэ пыгъэщхьэхуакІэхэмрэ я къызэгъэпэщ1ауэ щытхэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэм щІэт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкі и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэмрэ ягурыІуэу, къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІыным мардэкІэ текІуадэр зыхуэдизыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм я мылъкур зехьэным мардэкІэ текІуадэр зыхуэдизыр зэрагъэбелджылыс щІыкІэхэр зэрагъэбелджылъ хабзэр кьащтэну.

7. Бюджет сметэм тету финансхэмкІэ къызэрагъэпэщ1ауэ бюджет Іэнатіэм и зэхэльхьэр зэхъуэкІыныр и Ільабжьэу къызэІуаха къэрал Іуэхущ1апІэ пыгъэщхьэхуакІам ар къыщ1ызэрагъэпэща махуэм щегъэжьауэ илъэсищкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкІыу субсидиехэр ятет къэрал Іуэхущ1апІэ пыгъэщхьэхуакІам и къызэрэпэщакІуэм и къыдэнкэмэ зэхилъхьа къэрал къалэнхэр зэфІэгъэкІыным трагъэкІуэдэ финансхэр зэхуагъэхьужын папщІэ.

Субсидиер ягъэув бюджет сметэм тету къэрал бюджет Іуэхущ1апІэр финансхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщ1ымрэ къэрал Іуэхущ1апІэ пыгъэщхьэхуакІам къэрал къалэнхэр игъэзэщІэн папщІэ хуэхах ахьшэмрэ зэрызэхьэщыкІым хуэдизу.

8. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэльыпІпльмэ и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и яп къуэдэу Абрэдж І. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
ГЕРТЕР Иван.

Иджыблагъэ УФ-м и Президентым Іэ тридзауэ «2025 гъэр късэсыу Урысей Федерацэм щрагъэкІуэкІыну демографие политикэм и концепцэ кьэщтэным и Іуэхуэ» Указым. А концепцэм ипкъ иткІэ 2025 гъэр къэсэхуКІэ Урысей Федерацэм щрагъэкІуэкІыну демографие политикэм и мурадхэр хуэгъэзащ къэралым и цыхуэхэм я бжыгъэр 2015 гъэм ирихьэлІэу мелуани 142 - 143-м хуэдизу кьызэтенэным, абы ипкъ иткІи 2025 гъэм а бжыгъэр мелуани 145-м нэсэсыным. Зи гугъу тшІы концепцэм тепщІыхьмэ, цыхуэхэм я псэукІэр прагъэфІакІуэкІэрэ, абыхэм я гъашІэм и гущІэгъуэ 2015 гъэм ику иту илъэс 70, 2025 гъэм илъэс 75-рэ хьунущ.

ЗэкІэ кьыгпэплъэу жыхуаІэхэр узыгъэгуфІэкъым. Хэбгъэзыхьмэ, 2050 гъэм Урысейм цыхуэ мелуани 101,5-рэ фІэкІа щымыпсэужыну хуагъэфащэ. А эзэманым ди къэралым и цыхуэхэр дуней псом щ1ыпсэухэм я процент 1,1-м щІигъужынукъым.

Абы кьыхэкІыу Урысей Федерацэм и унафэщІхэм мы зэманым кьагъуэтын хуейщ езыхэм я демографие политикэр дяпэкІэ зэрэуэнтІыну щ1ыкІэр. ЗэрыгурыІуэгъуэщ, Концепцэр зэфІэгъэзыжынухэм я программэ кьудейщ. Ар ягъэзэщІэфынрэ ямыгъэззэщІэфынрэ зэхъэ гурыІуэгъэкъым.

Урысей Федерацэм и щ1ыналъэу щыт Къэбэрдей-Балъкъэрыр Концепцэм пэджжэнь хуейщ езым кьэзэгъ политикэ иригъэкІуэкІыуэрэ, Сэ сыхэзгепльымкІэ, республикэм и унафэщІхэм мы ІэнатІэм псом япэу кьаІэну зыщ1ыхуэгъэувыжьынхъэщ цыхуэхэм медицинэ дэІэпыкъунытгъэ зэрыратымрэ ахэр хуэхъуэхэмкІэ кьызэрызэрагъэпэщыр егъэфІэкІуэнымрэ. Абыхэм сымаджхэхэм я бжыгъэр игъэмэщІэнут, цыхуэхэм уэ къаймыуэлІэнымкІэ щыІэ Іэмалхэр ягъэлъэщынут, узыншэу кьэхьу сабийхэм хагъэхъуэнут, лІэхэм я б жыгъэр кІэрагъэхунут, унагъуэр ягъэбгыдэнут, н. къ.

А мурадыр зэдмыгъэхьулІэмэ, дэ экономикэр кьытхуэІэтыныкъым - экономикэ тэмэм зэтеезыхуэхэр цыхуэ узышнэхэрщ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужь ильэсипщІхэм зэхъуэкІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм, зэфІэмыихьэныгъэ куэдыкІейхэм я зэранкІэ ди дежь щ1ахуэсакъыжьхэм цыхуэхэм я узышнагъэм. А Іуэхур дэ идгъэуващ иужьрей уьвЛІэм. Псори хуейщ ильэс куэдкІэ фІыуэ икІи узышнэу псэунУ. Ауэ ар дэтхэнэми кьыгурыІуэу пІэрэ??

Нэхъ гумызагъэхэр пщэдджьжьыш ьотэджьри, занщІэу лэжьакІуэ е еджакІуэ макІуэ, нэхъ мыхьэнэшэ дыдэхэм щхьэкІэ ьюгубхь, я благъэхэм ФрІонэ, нэхъ хуэщІа я нэІуасэхэм, лэжьагъуэхэм йохьуапсэ, пщ1ыхьэщхьэкІэ телевизор епльрэ Іурех. Адрейхэри зэрыкІэлъыпІпль щ1ыІэкъым я узышнагъэм.

Апхуэдэ псэукІэм кьеушэ нерв узхэр, нэгъуэщІ куэди. 2005 - 2010 гъэхэм Урысейм нэхъапэм щ1ымыІэ узыфэхэр кьыщежьащ. Лъым кьыхэкІа узхэр зыкІэзыгъэ я бжыгъэм процент 11-кІэ щ1ыхэхьащ. ООН-м кьитахэм ятепщІыхьмэ, гъащІэм ихуиту, я кІыхьагъымкІэ Урысейм дунейм 130-нэ уьвпІэр щ1ыІыгъщ (кьэралИ 150-м ящ1ыщу). Зэвгъэпэщэн папщІэ: экономикэ зыужьныгъэмкІэ - 43-нэ, егъэджэныгъэ ІэнатІэмкІэ - 40-нэ, цыхуэ кьэс ипэжьІкІэ кьыхэхьуэр зыкъуэдзымкІэ 50-нэ уьвпІэкъэр кьылъос.

Цыхуэхэм я узышнагъэр зыхуэдэмкІэ дэ дунейм щытыгъыр 127-нэ уьвпІэпэщ.

Мы зэманым Урысейм цыхуэ мин кэскъ ику итУ 14,2-рэ щахолІыкІ. Мыбдеж дэ пашэныгъэр щытІыгъщ. Европэри (абы а бжыгъэр зэрыщ1ыхуэр 9-щ), къэрал кьулейсыхэрри 12) кьыщ1эзэнэкІащ. Ди дежкІэ ар хуабжьу гуемыІущ. АрщхьэкІэ псом нэхърэ нэхъ узыгъэгузавэр ди деж дунейм щехьэк щ1ыхуэхэм я процент 28-р лэжьэфныну ньбжьым зэрыщ1ытрыщ. Къэрал пэрыгъэхэм а бжыгъэр проценти 10-м, зызыужь кьэралхэм процент 28-м щ1ыщІигъуркъым. Ди деж зы ильэсым щ1ой лэжьэфныну цІыху мин 600 Ар зы кьалэ псо мэхъу! Ахэр псэуамэ, дэ зы цІыхуи дыхуеинутэкъым нэгъуэщІ къэрал кьикІыу ІэжьакІуэ кьытхуэкІуэну. Лэжьэфныну цІыхуи и лІэныгъэм къэралым кьудІэ нэхъыбэ трегъэкІуадэ зи ньбжь хэкІуэтауэ дунейм ехьжьам егъэщ1ылІа Іуэхуэхэм нэхърэ. Псалъэм и къэтыркІэ, зы цІыхур сом мелуаних и уасэу «кьалЬытащ». Ауэ ІыпасэУ дунейм ехьжьа цІыхуэхэм къэралым сыт хуэдизкІэ зыщІагъэкъуэфынут? Мыбдеж хэщІыныгъэхэр куэдкІэ щынэхьыбэщ узышнагъэр хьунмэн трегъэкІуадэ псомкІэ нэхърэ.

Пэжщ, къэрал куэд дыдэм хущхъуэхэм я уасэхэр зыхуэдизыр ткІийуэ щагъэзыварыкъым. Ауэ а къэралхэм дэ щапхъэ кьатетх хьунукъым. Дэ ешхъэм къэдгъуэтын хуейщ ди узышнагъэр гъэбыдэнымрэ ди псоцуэдэр егъэфІэкІуэныгъэ дыхуэхъыш гъуэгуфэр.

Сэ сыхэрегупсысмкІэ, Іуэхур зыльхьэхэ фІэгъэнапІэхэм ящ1ыщу Урысейм уасэхэр зыгращІыхьхь щапльэгъэкІэ зэрыщ1ымыІэм икІи ахэр кьыхэзырхьу щ1ыкІэм зэрыщ1ыкІэлъымыплІыр. Языныкъуэ щ1ынальэхэм хущхъуэхэм я уасэхэм щ1ыщІегъу ньбжьым 50-м кьыщ1ыщІэдзауэ 100-м нэс. Хэбгъэзыхьмэ, зы кьуажэм зы уасэкІэ, адрейм нэгъуэщІкІэ кьыщ1ипщІхункІэ зыхуэІуа щ1ыІэкъым.

Щ1ытыкІэр зэтес ящ1ыжьми мурадкІэ нобэр кьызэсым Іуэху зыбжанэ зэфІагъэкІащ. 2009 гъэм щ1ыщхьэІум и 8-м УФ-м и Правительствэм кьыщтащ «Гъащ1э мыхьэнэ зи1э хущхъуэхэм я уасэхэр кьэралым зэрыщэригъакІуэр егъэфІэкІуэным и Іуэхукі» Унафэ №654-р. Абы кьеГъэув Урысейм, нэгъуэщІ кьэралхэм щащІа хущхъуэхэм я уасэхэр фІэкІыпІэ имыІэу ятхьн хуейуэ. Апхуэдэ щ1ыкІэкІэ кьэралыр щэсыпІэ йоувэ а хущхъуэхэмкІэ цІыхуэхэр кьыззэрызэрагъэпэщ1ымкІэ.

АрщхьэкІэ, сэ хьэсыльтэ ар уасэхэр кьэралым зэрригъэкІуэным хуэунэтІауэ яча япэ льэбакъуэ кьудейуэ. А хущхъуэхэм я уасэхэр льабжьэнщэу зэрыдрагъэуейщ Правительствэр апхуэдэ льэбакъуэм езыхулІар. Кьэсымэджа цІыху кьулейсызхэм я дежкІэ тІури зыщ1 езыхэр зыхуэнькъуэ хущхъуэхэм я уасэхэр фІэкІыпІэ зращІыпІа зэгурыІуэныгъэм ебакъуэу уасэхэм хэзыгъэльхъуэхэм кьэралыр ятхьэкъ у пхьэщ. ПсэукІэр щ1игугъу зэмаиным хьэрэмышхьэ щ1ыкІэр гъэхуэсакъуэ щ1ыкІэр гъэхуауэ ятхьн тэмэму щ1ытпсэлъыхь кьэралым зэфІигъэкІыпхъэхэм, арщхьэкІэ езыхэм ящІэн хуейр ягу кьыщ1ыкІыжьркъым. Псалъэм и къэтыркІэ, хьэпшып кьыщащхъуэкІэ чех кьыхьахьи зэрыхуейр. ИтІанэ, щэч кьытрахьэмэ, кьэпщ1такІуэ-кІэ льыпІпльакІуэ Іуэхущ1апІэхэм зыхуэ агъэгъазэ хьунущ. Іэнатіэр зыхуей хуагъаэзмэ, Урысейр ящ1ыхуэ дэ дыдэу хуэпІкІу жьинуі кьым нэгъуэщІ къэралхэм щащІа хущхъуэхэм.

Адрей жьылагъуэ зэгухьэнкІэхэмэ хуэдэу КЪБР-м и Жьылагъуэ палатэрэ мы Іуэхум тегущІыкІу щ1ыгъуэ тыфІынкъым. Мы гъэм и пэщІэдзэм республикэм и жьылагъуэ палатэм щедэІуащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым уэзышнагъэр хьэмэныр зэрыщ1ыгъуэвэр, зэфІэгъэжьын хуейпэр, зэрыгъэтыкІыр, зэрыгъэжьын хуейпэр, кьыпэпльэр» Іуэхум. ЕтІуанэ ильэс нЬкъуэм нэгъуэщІ кьэлэнхэри кьИэтыну и мурадщ.

ТАУ Пщыкъан,
КЪБР-м и Жьылагъуэ палатэм и унафэщІ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор,
РАЕН-м и академик,
УФ-м щІэныгъэ хэмкІэ щ1ыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Узыншагъэм нэхъыщхьэ щыІэкъым

● Еджагъэшхуэм и псалъэ

ТауПщыкъан

щ1ыкІэкІуэ хущхъуэ уасэхэр зэтес ящ1ыным и Іуэхум. Я5ныныкъуэ къэралхэм уасэхэр щагъэув ящ1ыхуэмрэ щІэупщІэхэмрэ зыхуэдизым тещІыхьауэ. АрщхьэкІэ абыхэм властхэр щакІэльполІ мы Іуэху м - мардэм щ1ыхьэдэ хьунукъым. Ауэ, кьыхэдгъэбелджылыкІынщІ, Франджым, Италием, Бельгием, Китайм, Японием, Индием хущхъуэхэм я уасэхэр къэрал унафэм щІэтщ.

Пэжщ, къэрал куэд дыдэм хущхъуэхэм я уасэхэр зыхуэдизыр ткІийуэ щагъэзыварыкъым. Ауэ а къэралхэм дэ щапхъэ кьатетх хьунукъым. Дэ ешхъэм къэдгъуэтын хуейщ ди узышнагъэр гъэбыдэнымрэ ди псоцуэдэр егъэфІэкІуэныгъэ дыхуэхъыш гъуэгуфэр.

Сэ сыхэрегупсысмкІэ, Іуэхур зыльхьэхэ фІэгъэнапІэхэм ящ1ыщу Урысейм уасэхэр зыгращІыхьхь щапльэгъэкІэ зэрыщ1ымыІэм икІи ахэр кьыхэзырхьу щ1ыкІэм зэрыщ1ыкІэлъымыплІыр. Я5ныныкъуэ щ1ынальэхэм хущхъуэхэм я уасэхэм щ1ыщІегъу ньбжьым 50-м кьыщ1ыщІэдзауэ 100-м нэс. Хэбгъэзыхьмэ, зы кьуажэм зы уасэкІэ, адрейм нэгъуэщІкІэ кьыщ1ипщІхункІэ зыхуэІуа щ1ыІэкъым.

Щ1ытыкІэр зэтес ящ1ыжьми мурадкІэ нобэр кьызэсым Іуэху зыбжанэ зэфІагъэкІащ. 2009 гъэм щ1ыщхьэІум и 8-м УФ-м и Правительствэм кьыщтащ «Гъащ1э мыхьэнэ зи1э хущхъуэхэм я уасэхэр кьэралым зэрыщэригъакІуэр егъэфІэкІуэным и Іуэхукі» Унафэ №654-р. Абы кьеГъэув Урысейм, нэгъуэщІ кьэралхэм щащІа хущхъуэхэм я уасэхэр фІэкІыпІэ имыІэу ятхьн хуейуэ. Апхуэдэ щ1ыкІэкІэ кьэралыр щэсыпІэ йоувэ а хущхъуэхэмкІэ цІыхуэхэр кьыззэрызэрагъэпэщ1ымкІэ.

АрщхьэкІэ, сэ хьэсыльтэ ар уасэхэр кьэралым зэрригъэкІуэным хуэунэтІауэ яча япэ льэбакъуэ кьудейуэ. А хущхъуэхэм я уасэхэр льабжьэнщэу зэрыдрагъэуейщ Правительствэр апхуэдэ льэбакъуэм езыхулІар. Кьэсымэджа цІыху кьулейсызхэм я дежкІэ тІури зыщ1 езыхэр зыхуэнькъуэ хущхъуэхэм я уасэхэр фІэкІыпІэ зращІыпІа зэгурыІуэныгъэм ебакъуэу уасэхэм хэзыгъэльхъуэхэм кьэралыр ятхьэкъ у пхьэщ. ПсэукІэр щ1игугъу зэмаиным хьэрэмышхьэ щ1ыкІэр гъэхуэсакъуэ щ1ыкІэр гъэхуауэ ятхьн тэмэму щ1ытпсэлъыхь кьэралым зэфІигъэкІыпхъэхэм, арщхьэкІэ езыхэм ящІэн хуейр ягу кьыщ1ыкІыжьркъым. Псалъэм и къэтыркІэ, хьэпшып кьыщащхъуэкІэ чех кьыхьахьи зэрыхуейр. ИтІанэ, щэч кьытрахьэмэ, кьэпщ1такІуэ-кІэ льыпІпльакІуэ Іуэхущ1апІэхэм зыхуэ агъэгъазэ хьунущ. Іэнатіэр зыхуей хуагъаэзмэ, Урысейр ящ1ыхуэ дэ дыдэу хуэпІкІу жьинуі кьым нэгъуэщІ къэралхэм щащІа хущхъуэхэм.

Адрей жьылагъуэ зэгухьэнкІэхэмэ хуэдэу КЪБР-м и Жьылагъуэ палатэрэ мы Іуэхум тегущІыкІу щ1ыгъуэ тыфІынкъым. Мы гъэм и пэщІэдзэм республикэм и жьылагъуэ палатэм щедэІуащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым уэзышнагъэр хьэмэныр зэрыщ1ыгъуэвэр, зэфІэгъэжьын хуейпэр, зэрыгъэтыкІыр, зэрыгъэжьын хуейпэр, кьыпэпльэр» Іуэхум. ЕтІуанэ ильэс нЬкъуэм нэгъуэщІ кьэлэнхэри кьИэтыну и мурадщ.

ТАУ Пщыкъан,
КЪБР-м и Жьылагъуэ палатэм и унафэщІ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор,
РАЕН-м и академик,
УФ-м щІэныгъэ хэмкІэ щ1ыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм яхуэгъэзэ къэрал къалэнхэр зэрызэхальхьэ, къэрал къалэнхэр гъэзэщІэныр финансхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщ щ1ыкІэм и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм фокІадэм и 26-м

Урысей Федерацэм и Бюджет кодексым и 69.2 статьям и Іыхьэхэу 4-мрэ 5-мрэ,«Сату Іуэхум пымыщІа организацІхэм ятеухуауэ» 1996 гъэм щ1ышыпэм и 12-м кІащта Федеральнэ закон №7-ФЗ-м и9.2статьям и Іыхь7-м и пункт 1-м япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ы**мунафэ ещІ:**

1. Къэщтэн мы унафэм щ1ыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм яхуэгъэзэ къэрал къалэнхэр зэрызэхальхьэмрэ къэрал къалэнхэр гъэзэщІэныр финансхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщымрэ теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я унафэм щІэт къэрал Іуэхущ1апІэу къэрал Іуэхутхьэбзэхэр гъэзэщІэныр зи кІалэн нэхъыщхьэ дыдэу щытхэм зэфІагъэкІкъэрал Іуэхутхьэбзэхэр (лэжьыгъэхэр) зыхуэдизыр кьыщ1ыгъэльэгъуа спискэм и тепІэр;

езыхэрзэлажь Іуэхум тещІыхьауэ къэрал Іуэхущ1апІэхэм зэфІагъэкІ къэрал Іуэхутхьэбзэ (лэжьыгъэ) нэхъыщхьэхэм я спискэм тепІэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкі и министерствэм (Бышэн А. А.) кІыщтэну хуэгъэзыньи:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІыным трагъэкІуэдэн хуэпІ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм я мылъкур зехьэным мардэкІэ текІуадэр кьызэрабж методикэ чэнджэщхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм хуагъэув къэрал къалэнхэр зэрызэхальхьэмрэ ахэр гъэзэщІа зэрыльхьэ зэрыкІэльыпІпльмкІэ методикэ чэнджэщхэр;

къэрал къалэнхэр гъэзэщІэныр финансхэмкІэ къызэрагъэпэщын папщІэ субсидиехэр зэрыхуэхьэ щ1ыкІэмрэ хэбзэхэмрэ ятеухуэ зэгурІуэныгъэм и тепІэр.

3.Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм ящ1ыщу къэрал бюджет Іуэхущ1апІэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур кьагъэсэбэнрэ кьызэІуах Іуэхущ1апІэ пыгъэщхьэхуакІэхэмрэ я къызэгъэпэщ1ауэ щытхэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэм щІэт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкі и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэмрэ ягурыІуэу, къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІыным мардэкІэ текІуадэр зыхуэдизыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм я мылъкур зехьэным мардэкІэ текІуадэр зыхуэдизыр зэрагъэбелджылыс щІыкІэхэр.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм ящ1ыщу зыхуэфащэ ІэнатІэхэм щрагъэкІуэкІ къэрал политикэрубзыхуІнымрэ а ІэнатІэхэм щ1ы Іэхуцытыгъ кІэхэр зэблэзыгъэкІ хабзэ мардэхэр зэхэльхьэнымрэ зи кІалэну щытхэм яхуэгъэувын зыхуэфащэ ІэнатІэм ехьлІауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм я мылъкур зехьэным мардэкІэ текІуадэр зыхуэдизыр зэрагъэбелджылыс щІыкІэхэр зэрагъэбелджылъ хабзэр кьащтэну.

5. Мы унафэм пункт 3-м кьыщыгъэльэгъуа Іуэхуэхэм щІагъуэ е ахэр нэхъ зенкІырыхуауэ кІахь хъунущ, ауэ а псоримы унафэм и пункт 4-м кьигъэувэм езгъэнын хуейщ.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм ящ1ыщу къэрал бюджет Іуэхущ1апІэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур кьагъэсэбэнрэ кьызэІуах Іуэхущ1апІэ пыгъэщхьэхуакІэхэмрэ я къызэгъэпэщ1ауэ щытхэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэм щІэт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкі и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэмрэ ягурыІуэу, къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІыным мардэкІэ текІуадэр зыхуэдизыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэм я мылъкур зехьэным мардэкІэ текІуадэр зыхуэдизыр зэрагъэбелджылыс щІыкІэхэр зэрагъэбелджылъ хабзэр кьащтэну.

7. Бюджет сметэм тету финансхэмкІэ къызэрагъэпэщ1ауэ бюджет Іэнатіэм и зэхэльхьэр зэхъуэкІыныр и Ільабжьэу къызэІуаха къэрал Іуэхущ1апІэ пыгъэщхьэхуакІам ар къыщ1ызэрагъэпэща махуэм щегъэжьауэ илъэсищкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкІыу субсидиехэр ятет къэрал Іуэхущ1апІэ пыгъэщхьэхуакІам и къызэрэпэщакІуэм и къыдэнкэмэ зэхилъхьа къэрал къалэнхэр зэфІэгъэкІыным трагъэкІуэдэ финансхэр зэхуагъэхьужын папщІэ.

Субсидиер ягъэув бюджет сметэм тету къэрал бюджет Іуэхущ1апІэр финансхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщ1ымрэ къэрал Іуэхущ1апІэ пыгъэщхьэхуакІам къэрал къалэнхэр игъэзэщІэн папщІэ хуэхах ахьшэмрэ зэрызэхьэщыкІым хуэдизу.

8. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэльыпІпльмэ и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и яп къуэдэу Абрэдж І. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
ГЕРТЕР Иван.

● КЪБР-м и МВД-м

Мазэ къэс

КЪБР-м къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ органхэмрэ къэрал кІуэцІыдзэмрэ я ветеранхэм я Советым и хэщІапІэм налшыкдзэс щІалэгъуалэм дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ щыдраГъэкІуэкІ и пэщым мазэ къэс ветеран-юбилярхэр щ1ыхэхуащэс.

